

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI JEUNG RÉKOMÉNDASI

### 5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga judul “Aspék Sosial Dina Kumpulan Carpon *Keretas Bodas* Karya Panglawungan 13 (Ulikan Struktural)”. Anu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta Struktur carita jeung aspék sosial dina carita pondok karya angkatan kahiji Panglawungan 13, dina buku kumpulan carpon *Keretas Bodas*.

Struktur carita karya angkatan kahiji Panglawungan 13 dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku, latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan). **Téma:** Tina salapan carpon kapaluruh aya carita nu témana sarua. Téma anu kapaluruh dina carita “Nu Moal Kapopohokeun”, “Malibir Wanci”, “Arisan”, “Hutang”, jeung “Kuéh keur Kila” mangrupa masalah ekonomi anu pakait jeung pagawéan jeung usaha palaku utama dina minuhan kabutuh hirupna. Dina carita “Basa Peuting Beuki Simpé” kapaluruh ayana *perspektif* yén pagawéan Leungeun katuhu leuwih hadé batan Leungeun kénca. Dina carita “Lir Langit nu Caang Lénglang”, jeung “Panonpoé Tunggang Gunung”. Téma sosial kulawarga nyampak dina “Impian nu Tinekenan” kapaluruh ayana sasaran téma nyaéta nyaritakeun rasa nyaah dikulawarga sanajan kahalang ku masalah ekonomi jeung masalah kahirupan séjénna. **Galur:** Tina salapan carpon kapaluruh yén aya dalapan carita nu miboga galur campuran jeung hiji anu miboga galur mérélé. Galur mérélé nyampak dina carita “Basa Peuting Beuki Simpé”. **Palaku:** Palaku dibédakeun jadi palaku utama jeung palaku tambahan. Palaku anu kapaluruh dina unggal carita tangtu béda-béda. Dina carita “Nu Moal Kapopohokeun” kapaluruh aya lima palaku, hiji palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carita “Lir Langit nu Caang Lénglang” aya genep palaku, hiji palaku utama jeung lima palaku tambahan. Dina carita “Impian nu Tinekenan” kapaluruh aya lima palaku, hiji palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carita “Malibir Wanci” kapaluruh aya genep palaku, dua palaku utama jeung opat palaku tambahan. Dina carita “Basa Peuting Beuki Simpé” aya lima palaku, dua palaku utama jeung tilu palaku tambahan. Dina carita “Panonpoé Tunggang Gunung” kapaluruh aya tujuh palaku, hiji palaku utama jeung genep palaku tambahan. Dina carita “Arisan” kapaluruh aya opat palaku, hiji palaku utama jeung

tilu palaku tambahan. Satuluyna dina carita “Hutang” kapaluruh aya tujuh palaku, hiji palaku utama jeung genep palaku tambahan. Pamungkas dina carita “Kuéh keur Kila” kapaluruh aya genep palaku, hiji palaku utama jeung lima palaku tambahan.

**Latar:** Latar anu kapaluruh dibagi jadi tilu, nyaéta latar waktu (Isuk-isuk, peuting, isukna, poé ieu, sabulan, ayeuna, pukul lima, subuh, beurang, lohor, baréto, harita, hiji poé, jam tilu, dua bulan katukang, pukul dua leuwih saeutik, satengah jam, jeung lima taun katukang), latar tempat (dapur, bantar walungan, taman kota, handapeun tangkal, buruan imah, kamar, rohangan upacara, hareupeun hawu, galengan susukan, terminal irigasi, mumunggang paténggang, sawah, kamar mandi, Gunung Suriam, sakola, angkot, ATM, toko, rumah sakit, jeung kontrakan), jeung latar sosial (Teu bisa nolak tugas, nartibkeun tempat, rajia di jalan, ngéléhan ka dulur, gaji di lembur teu gedé, hésé néangan gawé, teu bisa meunangkeun hak na, teu dibantuan dina sidang, bédana *persfektif* masarakat, masarakat ékonomi handap, gaji honorér anu leutik, ditipu ku sobat sorangan, kudu pisah jeung anak sabab teu boga duit).

**Judul:** Tina salapan carpon anu dianalisis, kapaluruh yén unggal judul carita pakait jeung eusi caritana boh sacara langsung boh sacara teu langsung.

**Puseur implengan:** Tina salapan carpon anu dianalisis, puseur implengan carita anu kapaluruh téh aya tilu, nyaéta puseur implengan palaku kahiji ‘Kuring’, puseur implengan campuran, jeung puseur implengan palaku katilu. Puseur implengan palaku kahiji ‘kuring’ téh kapaluruh dina genep carita nyaéta, “Lir Langit nu Caang Lénglang”, “Impian nu Tinekenan”, “Panonpoé Tunggang Gunung”, “Arisan”, “Hutang”, jeung pamungkas dina carita “Kuéh keur Kila”. Satuluyna puseur implengan campuran kapaluruh dina carita “Malibir Wanci”. Anu pamungkas puseur implengan palaku katilu kapaluruh dina carita “Nu Moal Kapopohokeun” jeung “Basa Peuting Beuki Simpé”.

Aspék sosial anu kapaluruh tina carita téh dibagi jadi aspék sosial agama, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, aspék sosial politik, jeung aspék sosial atikan. Aspék sosial agama kapaluruh aya dina unggal carita anu dianalisis. Aspék sosial moral kapaluruh aya dina dalapan carita, anapon dina carita “Arisan” teu kapaluruh aspék sosial moral. Aspék sosial ékonomi kapaluruh aya dina tujuh carita, anapon dina carita “Basa Peuting Beuki Simpé” jeung “Panonpoé Tunggang Gunung” teu kapaluruh aspék sosial ékonomina. Aspék sosial politik kapaluruh aya

dina genep carita, anapon dina carita “Nu Moal Kapopohokeun”, “Malibir Wanci”, jeung “Arisan” teu kapaluruh ayana aspék sosial politik di jerona. Anu pamungkas aspék sosial atikan kapaluruh dina tilu carita, anapon dina carita “Lir Langit nu Caang Lénglang”, “Malibir Wanci”, “Basa Peuting Beuki Simpé”, “Arisan”, “Hutang”, jeung “Kuéh keur Kila” teu kapaluruh ayana aspék sosial atikan dina caritana.

Buku Kumpulan carpon *Keretas Bodas* karya Panglawungan 13 miboga struktur carita nu lengkep. Sabab kasangtukang panulisna nu béda-béda, aspék sosial anu kapaluruh dina kumpulan carpon *Keretas Bodas* jadi variatif, aspék-aspék sosial anu kapaluruh téh bisa dijadikeun eunteung pikeun kahirupan sapopoé pamacana.

## **5.2 Implikasi**

Ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sanajan kitu, dipiharép kaonjoyan dina ieu panalungtikan téh bisa ngajembaran paélmuan dunya sastra hususna dina ulikan struktural jeung aspék sosial dina carita pondok.

## **5.3 Rékomendasi**

Ieu panalungtikan masih kénéh déét, loba hal anu bisa ditalungtik leuwih jero deui. Hususna tina buku kumpulan carpon *Keretas Bodas* anu bisa ditalungtik leuwih jero deui boh ngagunakeun pamarekan anu sarua boh pamarekan anu séjénna. Dipiharep panalungtikan-panalungtikan kana karya sastra Sunda téh bisa leuwih loba deui.